

**BUKU AJAR SISWA KELAS IV SD/MI  
BERPENDEKATAN SAVI  
PADA MATERI TEMBANG DOLANAN**

**B**uku ajar siswa pendekatan SAVI pada materi tembang dolanan untuk siswa kelas IV Sekolah Dasar ini ditujukan untuk memberikan pengetahuan tentang landasan, hakikat, dan penerapan pembelajaran SAVI pada materi tembang dolanan. Dengan pendekatan SAVI ini diharapkan guru dan siswa lebih aktif dan kreatif dalam mempelajari tembang dolanan. Di samping itu, juga diharapkan akan menjadi pendorong untuk meningkatkan rasa cinta dan bangga terhadap hasil karya sastra khususnya Bahasa Jawa.

Sejalan dengan kehendak dan perintah kehidupan global yang dituntun oleh prinsip-prinsip kalkulabilitas, efisiensi-efektivitas, prediktabilitas, kontrol dan rasionalitas, kemunculan pengajar Bahasa Jawa yang baik sekaligus sebagai pengembang dan pembina Bahasa Jawa sejati, maka akan menjadi andil yang sangat besar untuk menciptakan generasi Jawa yang akan datang, yang kurang lebih akan tergambar sebagai generasi yang cerdas dan juga santun, piawai dengan penuh tatakrama, berpikiran kritis, dan berbudi luhur, atau cemerlang sekaligus beradab.

Sungguh mulia bekerja menjadikan generasi bangsa seperti di atas. Semoga buku ajar ini betul-betul menjadi secercah modal untuk mengembangkan inspirasi para guru sebagai proyeksi seperti telah digambarkan di atas. Akhirnya, ucapan terimakasih disampaikan atas kesediaan para pengguna buku ini, semoga dapat memetik manfaatnya sebanyak mungkin.

**BUKU AJAR SISWA KELAS IV SD/MI  
BERPENDEKATAN SAVI  
PADA MATERI TEMBANG DOLANAN**





**BUKU AJAR SISWA KELAS IV SD/MI  
BERPENDEKATAN SAVI  
PADA MATERI TEMBANG DOLANAN**

**Buku Ajar Siswa Kelas IV SD/MI**

**Berpendekatan SAVI pada Materi Tembang Dolanan**

© Panji Kuncoro Hadi, Endang Sri Maruti, dan Hartini,

viii + 54 hlm; 21 x 29,5 cm

ISBN: 978-602-72990-8-5

Cetakan Pertama, Juni 2018

Editor : **Davi Apriandi**  
Penata Letak : **Tim Kreatif UNIPMA PRESS**  
Perancang Sampul : **Tim Kreatif UNIPMA PRESS**

Diterbitkan oleh:

**UNIPMA PRESS**

**UNIVERSITAS PGRI MADIUN**

Jl. Setiabudi No. 85 Madiun Jawa Timur 63118

Telpon: (0351) 462986; Fax.: (0351) 459400

E-Mail: [upress@unipma.ac.id](mailto:upress@unipma.ac.id)

Website: [www.unipma.ac.id](http://www.unipma.ac.id)

## Kata Pengantar

Buku ajar siswa berpendekatan SAVI pada materi tembang dolanan untuk siswa kelas IV Sekolah Dasar ini ditujukan untuk memberikan pengetahuan tentang landasan, hakikat, dan penerapan pembelajaran SAVI pada materi tembang dolanan. Dengan pendekatan SAVI ini diharapkan guru dan siswa lebih aktif dan kreatif dalam mempelajari tembang dolanan. Di samping itu, juga diharapkan akan menjadi pendorong untuk meningkatkan rasa cinta dan bangga terhadap hasil karya sastra daerah khususnya bahasa Jawa.

Sejalan dengan kehendak dan perintah kehidupan global yang dituntun oleh prinsip-prinsip kalkulabilitas, efisiensi-efektivitas, prediktabelitas, kontrol, dan rasionalitas, kemunculan pengajar Bahasa Jawa yang baik yang sekaligus sebagai pengembang dan pembina Bahasa Jawa yang sejati, maka akan menjadi andil yang sangat besar untuk menciptakan generasi Jawa yang akan datang, yang kurang lebih akan tergambar sebagai generasi yang cerdas dan juga santun, piawai dengan penuh tatakrama, berpikiran kritis, dan berbudi luhur, atau cemerlang sekaligus beradab.

Sungguh mulia bekerja menjadikan generasi bangsa seperti di atas. Semoga buku ajar ini betul-betul menjadi secercah modal untuk mengembangkan inspirasi para guru sebagai proyeksi seperti yang telah digambarkan di atas. Akhirnya, ucapan terimakasih disampaikan atas kesediaan para pengguna buku ini, semoga dapat memetik manfaatnya sebanyak mungkin.

Madiun, Maret 2017

Tim Penulis

# DAFTAR ISI

SAMPUL .....	i
KATA PENGANTAR .....	v
DAFTAR ISI .....	vi
TEMA 5 ENDAHING NEGRIKU .....	1
<b>A. Subtema 1: Endahing Keluwargaku</b> .....	2
1. Somatis: Ayo Obah! .....	5
2. Auditoris: Ayo Nyemak! .....	9
3. Visual: Ayo Ndeleng!.....	13
4. Intelektual: Ayo Mikir! .....	14
<b>B. Subtema 2: Endahing Sekolahanku</b> .....	18
1. Somatis: Ayo Obah! .....	20
2. Auditoris: Ayo Nyemak! .....	23
3. Visual: Ayo Ndeleng!.....	25
4. Intelektual: Ayo Mikir! .....	28
<b>C. Subtema 3: Endahing Desaku</b> .....	32
1. Somatis: Ayo Obah! .....	35
2. Auditoris: Ayo Nyemak! .....	38
3. Visual: Ayo Ndeleng!.....	41
4. Intelektual: Ayo Mikir! .....	46
<b>D. Aku Seneng Sinau Basa Jawa</b> .....	49

# Angleluri Budaya Jawa





### Kompetensi Dasar :

- 1.3 Mengagumi ciri khas keindahan karya seni dan karya kreatif daerah Jawa Timur sebagai anugerah Tuhan.
- 2.9 Menunjukkan rasa ingin tahu dalam mengamati alam lingkungan sekitar untuk mendapatkan ide berkarya seni.
- 3.5 Mengenal dan memahami teks tembang dolanan
- 4.5 Melagukan dan mengapresiasi tembang dolanan

### Indikator :

- 1.3.1 Mengagumi ciri khas keindahan karya seni dan karya kreatif daerah Jawa Timur sebagai anugerah Tuhan.
- 1.3.2 Memainkan berbagai jenis karya seni sebagai wujud rasa syukur terhadap Tuhan Yang Maha Esa
- 2.9.1 Memiliki keingintahuan yang tinggi terhadap karya seni daerah sekitar
- 2.9.2 Mengamati keadaan lingkungan sekitar untuk mendapat ide dalam berkreasi seni
- 3.5.1 Menyebutkan contoh tembang dolanan
- 3.5.2 Menjelaskan ciri-ciri tembang dolanan
- 3.5.3 Menjelaskan isi tembang dolanan
- 4.5.1 Melagukan tembang dolanan sesuai dengan titi laras
- 4.5.2 Meparafrase tembang dolanan
- 4.5.3 Bermain sesuai tembang dolanan yang dilagukan



# Subtema 1

## Endahing Keluwargaku



Sumber : foto dok. bpk Hanif

Jenengku April, yugane Bapak Rudi lan Ibu Ranti. Ing kluwargaku ana aku, bapak, ibu, lan adhiku ragil kang jenenge Agus.

Ing keluwargamu ana sapa wae?

Apa wae kang dadi kasenengane saka saben-saben anggota keluwargamu mau?



Sumber : koleksi pribadi

Apa kowe tau krungu ana ukara yen kasuksesan iku diwiwiti saka keluarga?  
Ukara iku ateges yen peran keluarga iku penting banget mligine kanggo bocah-bocah cilik. Mula ayo padha nresnani kabeh anggota keluwargane supaya apa kang dadi kepinginane bisa mawujud.



Sumber : koleksi pribadi

Ani mlaku bebarengan karo Silvi nuju kelas. Silvi nggawa kertas kang ditempleki potone adhine lanang. Ani banjur takon, “apa iku sing mbokgawa Sil? Apa gambar ngenani kluawarga sing diutus bu guru wingi?”

“Iya Ni, aku nggawa potone adhiku lanang sing nggantheng dhewe hlo.”

Saurane Silvi karo mesam-mesem.

“Aku nggawa potone Ibukku hlo. Ibukku paling ayu lan paling pinter dhewe saomah”. Ani mamerne potone ibuke.

“Iki mengko nyinaoni bab apa ta Sil? Kok kon nggawa potone keluwargane barang ki?” Takone Ani menyang Silvi.

“Ketoke ya ngenani keluarga Ni, tapi embuh kon nyapo.” Saurane Silvi.

Pengin ngerti potone sapa wae sing digawa Ani karo Silvi? Sadurunge iku, ayo dolanan dhisik selaras karo tembang kang dilagokake. Mula, ayo, dideleng bareng-bareng video sing diputerake ing ngarep kelas iki

SOMATIS

Ayo Obah!



Tembang dolanan yaiku jinis tembang reripta gagrag anyar kang ora nganggo paugeran guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan, adate ditembangake dening bocah-bocah cilik utamane ing padesan, sinambi dolanan bebarengan karo kanca-kancane lan bisa dibarengi wiramaning gendhing. Lumantar lagu dolanan, bocah-bocah dikenalake bab sato kewan, thethukulan, tetanduran, bebrayan, lingkungan alam, lan sapanunggalane. Kadhangkala tembang dolanan uga ditembangake dening waranggana jroning swasana tinamtu ing pagelaran wayang kulit.

Tembang dolanan iku jinise akeh banget, ana jinise tembang dolanan kang dilagokake nalika lagi dolanan, tuladhane yaiku tembang cublak-cublak suweng. Saiki, ayo nembangake lagu dolanan cublak-cublak suweng ing ngisor iki kanthi gerakan kang persis kaya ing video!





Sumber : koleksi pribadi

### Cublak-Cublak Suweng

| 0 . . 3 | 5 5 2 3 | 1 . 2 3 | 2 5 3 2 |  
Cu blak cublaksu weng su wenge ting ge len

| 1 . 2 3 | 2 5 3 2 | 1 . 1 5 | 6 1 2 1 |  
ter mambu ke tun dhung gu del Pak Gem pong le ra le

| 1 1 1 5 | 6 1 2 6 | 1 5 0 5 | 3 2 1 2 |  
re sa panggu yu nde lik a ke sir sir pong de le go

| 3 5 0 5 | 3 2 1 2 | 3 . . 0 |  
song sir sir pong de le go song

## Cara anggone dolanan cublak-cublak suweng

Cublak-cublak suweng minangka salah sawijining dolanan tradhisional boca-bocah kang asale saka Jawa Timur. Dolanan tradhisional iki ngrembaka nganti dhaerah Jawa Tengah lan Yogyakarta. Tembung suweng kang digunakake minangka jeneng saka dolanan iki tegese anting kang biyasane dienggo ing kupinge bocah wadon, nanging yen ora ora ana suweng biyasane diganti nganggo kerikil utawa watu cilik kang dianggep minangka suweng. Dolanan iki biyasane ditindakake dening bocah-bocah kang umure 6 nganti 14 taun, lanang apa dene wadon, lan paling sethithik ditindakake dening telung bocah. Supaya wektu anggone dolanan rada suwe becike dolanan iki ditindakake luwih saka telung bocah, bisa 4 nganti 10 bocah.

Ing ngisor iki cara-carane anggone dolanan cublak-cublak suweng.

1. Sadurunge dolanan diwiwiti, bocah-bocah kudu nemtokake luwih dhisik sapa kang bakal dadi si Embok kang tugase mimpin dolanan iki.
2. Sawise si Embok kapilih, bocah-bocah banjur nemtokake sapa kang bakal dadi Pak Empong kanthi cara hompimpah. Hompipah digunakake kanggo nemtokake sapa sing menang lan sapa sing kalah kanthi cara mbukak epek-epek tangan sisih tengen, oleh mbukak bageyan ndhuwur (kulit werna coklat) utawa bageyan ngisor (kulit werna putih) kang ditindakake bebarengan kanthi ngucapake tembung hompimpah alaihum gambreng. Epek-epek tangan kang beda dianggep menang, dene kang kalah dadi Pak Empong.
3. Bocah kang dadi Pak Empong kudu lungguh karo mbungkukake awake ngadhep ngisor, banjur kanca-kanca liyane lungguh jejer muteri Pak Empong.

4. Gegere Pak Empong banjur didadekake alas utawa meja kanggo nyeleh tangan-tangane bocah-bocah kang lagi dolanan.
5. Dolanan iki ditindakake kanthi cara muterake suweng ing tangan-tangane bocah-bocah sing lagi dolanan, diwiwiti saka tangane si Embok kang mimpin dolanan kasebut.



Sumber : koleksi pribadi

6. Nalika suwenge lagi muter, bocah-bocah nglagokake tembang dolanan cublak-cublak suweng nganti kaping pindhho utawa kaping telu saengga suwenge bisa muter rada suwe. Yen tembange wis rampung ditembangake, suwenge ora oleh muter maneh.
7. Nalika tembange wis rampung dilagokake, Pak Empong banjur ngadeg kanggo nggoleki suwenge.
8. Bocah kang oleh suweng kudu nggegem tangane supaya ora konangan Pak Empong.

9. Bocah-bocah liyane kang ora oleh suweng uga melu nggegem tangane, ethok-ethok kaya nggegem suweng senajan gegemane kuwi kopong ora ana apa-apané supaya Pak Empong bingung nalika nggoleki suwenge.
10. Yen Pak Empong kasil nemokake suwenge, tegese bocah kang nggegem suweng ing tangane iku mau banjur gantiyan dadi Pak Empong, nanging yen ora kasil nemokake suwenge, dheweke banjur dadi Pak Empong maneh.

Sawise nyemak lan ndeleng video mau, saiki banjur nggawe kelompok kang anggotane antara 4 nganti 5 bocah, banjur tindakna dolanan tradhisional “cublak-cublak suweng” kaya pituduh kang wis diandharake ing ndhuwur karo kelompokmu ing ngarep kelas! Yen kelompokmu wis rampung, banjur dibacutake karo kelompok liyane.

Sawise nglagakake lan nerokake gerakan kaya ing video, bocah sing pungkasan dadi Pak Empong banjur diukum, ukumane yaiku kudu ndudohake poto lan nyritakake sapa gambar sing ing njero poto mau kanthi basa kang cetha.

AUDITORIS

**Ayo Nyemak !**



Sadurunge bocah kang dadi Pak Empong nindakake ukumane, ayo nyemak tembang dolanan iki dhisik!

### Candrane Adhiku

	0	5	5	5	5	6	1		5	2	3	2	3	5	
	Can	dra	ne	a	dhi	ku	si		wi		da		da		



| 3 3 3 3 3 3 3 | 0 3 2 3 2 3 5 |  
bun der im pleg im pleg em ka ya nyran da

| 3 3 3 3 3 3 3 | 0 3 2 3 2 3 5 |  
njo ged men dheg men dheg em ing pen dha pa

| 1 6 5 1 6 5 5 | 2 5 3 3 2 2 1 |  
ang gep e ang git e ka ya ra den ga thut kaca



Sumber : koleksi pribadi



Sumber : <https://id.wikipedia.org/wiki/Gatatkaca>

Sawise nyemak tembang dolanan “Candrane Adhiku” ing ndhuwur, banjur ayo nembangake bareng-bareng kanthi nada lan wirama kang padha karo sing wis diputerake!

1. Apa irah-irahane tembang ing ndhuwur?

2. Kalebun tembang apa, tembang sing bar kok tembangake mau?

3. Ing ngendi anggone Widada njoged?

4. Kepriye anggone Widada njoged?

5. Anggone Widada njoged iku kaya sapa?

Sawise nembangake lagu dolanan “Candrane Adhiku”, saiki ayo bareng-bareng nyritakake apa isine tembang kang sing wis dilagokake mau. Ing ngisor iki tuladha isine tembang dolanan kang wis mbok tembangake mau, wacanen kanthi patitis!

### Adhiku Lanang

Minangka anak mbarep, aku nduweni adhi lanang siji kang ngganteng banget. Jenenge yaiku Bagus. Adhiku saiki isih TK nol besar, nalika ana PR sing ora bisa digarap, aku mesthi marahé adhiku sinau. Saiki adhiku wis pinter banget. Nalika aku nduwe dolanan apa wae, adhiku mesthi tak silihi lan takajak dolanan bareng. Senengane njoged lan nyanyi-nyanyi. Aku tresna banget karo adhiku.